

Si ou

Wè Di
yon bagay yon bagay®



Homeland Security
and Emergency Services

Counter
Terrorism

Kathy Hochul
Gouvènè

Endikatè Jeneral ak Avètisman Aktivite Kriminèl oswa Teworis

Aktivite sispèk se nenpòt konpòtman ou obsève ki ta ka endike teworis oswa zak kriminèl anrapò ak teworis.

Konpòtman ak Endikatè Sispèk:

- Konpòtman ki sanble endike planifikasyon pou aktivite teworis, tankou fè kat jewografik wout, fè repetisyon senaryo, siveyans enstalasyon kle ak kwonometre trafik oswa siyal trafik
- Abiman ki pa apwopriye, tankou rad laj oswa teni ankonbran ki pa koresponn ak kondisyon tan yo
- Nenpòt tantativ pou jwenn enfòmasyon delika konsènan enstalasyon kle, pwosedi oswa pèsònèl sekirite
- Tantativ pou jwenn founitif: eksplozif, zam, minisyon, pwodwi chimik danjre oswa lòt materyo pou itilize nan yon atak
- Tantativ pou jwenn ekipman anplwaye tankou: veyikil, inifòm, badj, kat aksè oswa idantifikasyon pou rive antre nan enstalasyon kle yo
- Prezans materyèl sispèk ki ta ka itilize pou konstwi oswa pou degize eksplozif
- Siveyans fizik, anrejistreman videyo oswa tantativ pou fè foto sib pou ta atake (ansanm ak pa mwayen teknoloji Dwonn/UAS) ki konsantre sou pwèn aksè ak lòt karakteristik nan yon anplasman ke piblik la pa pran foto li anjeneral (pa egzanp, estrikti bilding, kamera sekirite yo)
- Prezans moun ki pa sanble fè pati espas travay la, etablisman biznis lan oswa toupre yon enstalasyon kle
- Tantativ pou jwenn aksè nan zòn ki gen restriksyon oswa antre/teste sekirite fizik ak pwosedi entèvansyon nan enstalasyon kle yo
- Prezans yon menm veyikil ou obsève ki pake pandan peryòd tan pwolonje ki pa gen okenn relasyon aparaman ak espas travay la oswa etablisman biznis lan (petèt k ap siveye)

Fè Rapò Nenpòt Aktivite Sispèk nan

Liy Dirèk Eta New York pou
Jwenn Konsèy sou Teworis

1-866-SAFE-NYS oswa
(1-866-723-3697)

*Tout apèl yo gratis,
epi y ap rete konfidansyèl nèt.*



TELECHAJE APLIKASYON 'SEE SEND'

